

Idantifye Timoun Enfim Depi yo Fèt jiska 21 nan

Leta Maryland, pou respekte Lalwa sou Edikasyon Moun Enfim (IDEA), ap tante toutbon **lokalize, idantifye epi evalye tout timoun enfim san fanmi yo pa peye okenn lajan.**

Pwosis pou lokalize, idantifye epi evalye tibebe ak tikatkat **depi yo fèk fèt jiska 3 zan** se responsablite Pwogram pou Tibebe ak Tikatkat nan chak jiridiksyon Maryland. Tibebe ak tikatkat ki gen reta oswa enfimite kapab elijib pou **sèvis entèvansyon bonè**. Sèvis sa yo fèt pou ranfòse potansyèl yon timoun genyen pou devlope epi pou ranfòse kapasite fanmi pou yo satisfè bezwen spesyal pitit pa yo.

Pwosis pou lokalize, idantifye epi evalye timoun laj **3 zan jiska 21 nan** se responsablite sistèm lekòl lokal nan chak jiridiksyon Maryland. Timoun enfim ki nan kategori laj sa-a kapab elijib pou **edikasyon spesyal** ak lòt sèvis konsa (pa egzanp, òtofon, fizyoterapi oswa ègoterapi).

Rele nou pou plis enfòmasyon sou sèvis entèvansyon bonè ak edikasyon spesyal nan Maryland: **1-800-535-0182**.

Sèvis Sipò Fanmi pou Fanmi Timoun Andikape Tibebe jiska laj 21 nan

Maryland gen Koòdonatè Sèvis Sipò pou Fanmi nan chak jiridiksyon ki ap ede fanmi timoun andikape depi yo fèt jiska laj 21 nan. Genyen yon repetwa pou Sèvis Sipò ba Fanmi sou sit Entènèt **www.mdecgateway.org**. Si ou bezwen plis asistans oswa enfòmasyon sou kijan pou idantifye timoun enfim, rele nou.

Maryland State Department of Education

Division of Special Education/
Early Intervention Services
Family Services and Interagency Branch
200 West Baltimore Street, 9th floor
Baltimore, Maryland 21201
Nimewo Gratis 1-800-535-0182
Faks 410-333-8165

Nancy S. Grasmick

Direktè Lekòl Leta

James H. DeGraffenreidt, Jr.

Prezidan Komite Edikasyon Leta

Carol Ann Heath

Direktè Adjwen Lekòl Leta
Divizyon Edikasyon Spesyal ak
Sèvis Entèvansyon Bonè

Martin O'Malley, Gouvènè



07/09

Depatman Edikasyon Leta Maryland pa fè diskriminasyon poutèt ras moun, koulè moun, sèks yo, laj yo, peyi kote yo soti, relijyon yo oswa enfimite yo nan koze ki afekte travay yo oswa nan bay yo aksè a pwogram. Pou kesyon sou règleman nan depatman an, tanpri kontakte Equity Assurance and Compliance Branch nan nimewo telefòn 410-767-0246, Faks 410-333-2226, oswa 410-333-6442 TDD. Divizyon Edikasyon Spesyal ak Sèvis Entèvansyon Bonè te devlope epi pwodi dokiman sa-a avèk don lajan Depatman Edikasyon Ameriken, Biwo Edikasyon Spesyal ak Sèvis Reyabilitasyon, IDEA, Pati B, Don #H027A080035A. Opinyon ki ekspri la yo pa reflete nesèsman opinyon pa Depatman Edikasyon Ameriken an ni opinyon okenn lòt biwo federal ni ou pa dwe konsidere yo se opinyon yo. Enfòmasyon an pa gen dwadotè. Yo ankouraje lektè yo pou yo kopye epi pataje li, men tanpri mansonnen Divizyon Edikasyon Spesyal ak Sèvis Entèvansyon Bonè, Depatman Edikasyon Leta Maryland lan. Annakò avèk Lwa sou Ameriken ki Enfim (ADA) dokiman sa-a disponib nan lòt fòma si ou mande sa. Tanpri kontakte Family Services and Interagency Branch nan nimewo 410-767-0858, Faks 410-333-1571.

**Èske ou
enkyete
sou kijan
pitit ou
Wè, tande,
deplase, jwe, pale,
aprann oswa
konpòte li?**



• **Dèske ou te konnen pitit ou
depi li fèk fèt jiskaske li**

gen 21 nan kapab elijib pou
depistaj ak evalyasyon si ou
santi pitit ou an kapab gen
yon enfimite oswa yon reta?

Rele nou!
1-800-535-0182



DEPATMAN EDIKASYON LETA MARYLAND
Divizyon Edikasyon Spesyal ak Sèvis Entèvansyon Bonè

Refere yon Timoun pou Depistaj ak Evalyasyon


Nenpòt ki moun ki sispèk yon timoun genyen yon reta pou li devlope oswa yon enfimite dwe refere timoun sa-a pou yo detèminen si li elijib pou resevwa sèvis entèvansyon bonè, edikasyon spesyal ak lòt sèvis konsa (pa egzanp, terapi langaj, fizyoterapi oswa ègoterapi).

Referans pou depistaj ak evalyasyon kapab fèt pou nenpòt ki timoun ki ap viv nan Maryland, kit li ap frekante lekòl piblik oswa lekòl prive, oswa resevwa edikasyon lakay li, kit li pa gen kay, li se yon migran, oubyen li anba gad leta. Menm timoun ki gen bon nòt lekòl epi ki ap pase nan yon lòt klas siperyè kapab elijib pou sèvis sa yo.

Si ou sispèk yon timoun gen yon reta oswa yon enfimite, rele nou!

R ele bon nimewo referans lan pou laj timoun nan ak jiridiksyon kote li ap viv.

(Nimewo referans sou lis paj anfas la.) Pou jwenn asistans oswa plis enfòmasyon, tanpri kontakte Depatman Edikasyon Leta Maryland Divizyon Edikasyon Spesyal ak Sèvis Entèvansyon Bonè nan nimewo gratis 1-800-535-0182.



Nimewo Lokal pou Referans nan Maryland

Jiridiksyon Lokal	Pou Laj depi yo fèt jiska 3 zan Pwogram Tibebe ak Tikatkat "Single Point of Entry"	Pou Laj 3 zan jiska 21 nan Sistèm Lekòl Lokal nan Maryland "Child Find"
Allegany Kaunti	301-689-0466	301-759-2082
Anne Arundel Kaunti	410-222-6911	410-766-6662
Baltimore City	410-396-1666	443-984-1011
Baltimore Kaunti	410-887-2169	410-887-3017
Calvert Kaunti	410-414-7034	410-535-7388
Caroline Kaunti	410-479-3246	410-479-3246
Carroll Kaunti	410-876-4437 ext. 277	410-751-3295 oswa 410-751-3033
Cecil Kaunti	410-996-5444	410-996-5444
Charles Kaunti	301-609-6808	301-753-1745
Dorchester Kaunti	410-221-1111 ext. 1023	410-221-1111 ext. 1023
Frederick Kaunti	301-600-1612	301-644-5292 or 301-644-5276
Garrett Kaunti	301-334-1189	301-334-7655
Harford Kaunti	410-638-3823	410-638-4386 or 410-638-4387
Howard Kaunti	410-313-7017	410-313-7046
Kent Kaunti	410-778-7164	410-778-7164
Montgomery Kaunti	240-777-3997	301-947-6050
Prince George's Kaunti	1-800-469-1865	301-808-2719 or 301-817-3147
Queen Anne's Kaunti	410-758-0720 ext. 4456	410-758-2403 ext. 182
Somerset Kaunti	410-623-2037	410-651-1616
St. Mary's Kaunti	301-475-4393	301-475-5511 ext. 213
Talbot Kaunti	410-820-0319	410-820-8263
Washington Kaunti	301-766-8217	301-766-2964
Wicomico Kaunti	410-677-5250	410-677-5250
Worcester Kaunti	410-632-5033	410-632-5033
Depatman Edikasyon Leta Maryland Divizyon Edikasyon Spesyal ak Sèvis Entèvansyon Bonè		1-800-535-0182 Nimewo Gratis